

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2014: 2) métodeu panalungtikan mangrupa cara ilmiah keur meunangkeun data. Ieu panalungtikann téh kagolong kana panalungtikan kuantitatif kalawan maké métodeu kuasi ékspérimen pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun lantaran analisis datana miboga sipat kuantitatif jeung statistik. Métodeu kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimen kalawan henteu maké kelas kontrol. Métodeu kuasi ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku désain *pre-test and post-test group*, nya éta panalungtikan anu ditujukeun ka hiji kelompok tanpa ayana kelompok babanding.

Cindekna, panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén dipiharep bisa mikanyaho tingkatan kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda tina hasil diajar ngagunakeun métodeu iqra.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) nyiapkeun métodeu anu bakal digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métodeu iqra ngagunakeun buku maca aksara Sunda anu geus disusun ti jilid hiji nepikeun ka genep;
- 2) ngalaksanakeun tés kamampuh awal maca jeung nulis aksara Sunda ka siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang;
- 3) ngalaksanakeun pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda ngagunakeun métodeu iqro ka siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang;
- 4) ngalaksanaken tés kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda ka siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang sabada ngagunakeun métodeu iqra;

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) ngolah hasil tés kamampuh awal jeung tés kamampuh ahir dina maca jeung nulis aksara Sunda Siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra;
- 6) ngitung rata-rata peunteun tés awal jeung ahir kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra keur nangtukeun ngaronjat henteuna kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra; jeung
- 7) mariksa bédana antara hasil diajar maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métodeu iqra pikeun nguji hipotésis.

Desain panalungtikan nya éta rarancang kabéh hal jeung kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik ti saacan panalungtikan, keur dilaksanakeunana panalungtikan, sarta nepi ka aya kacindekan jeung laporan panalungtikan. Nurutkeun Mulyadi (2011: 132), desain panalungtikan kuantitatif biasana ngagunakeun desain *eksplansi*, anu ngaguar objék panalungtikan pikeun nguji antarvariabel anu dihipotésiskeun.

Dumasar kasang tukang panalungtikan, diperlukeun hiji desain métodeu panalungtikan keur ngahontal tujuan panalungtikan. Desain ékspérimen tujuanana pikeun maluruh ayana sebab akibat, ku cara méré treatment ka hiji kelompok ékspérimén. Desain kuasi ékspérimen digambarkeun di handap.

Tabel 3.1
Desain Panalungtikan

Praté	Perlakuan	Postés
O ₁	X	O ₂

(Arikunto, 2010:124)

Bédana antara O_1 jeung O_2 nya éta diasumsikeun mangrupa éfék tina perlakuan (X). Katerangan saperti ieu di handap.

- 1) Praténs (O_1) dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca sempalan dongéng *Sangkuriang* saméméh perlakuan métodeu iqra dilaksanakeun jeung ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda ngaliwatan soal anu kudu dijawab maké tulisan aksara Sunda.
- 2) *Treatment* (X) (perlakuan) atawa aplikasi tina métodeu iqra ka siswa pikeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda.
- 3) Postés (O_2) dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca sempalan carita *Aria Wangsa Goparana* jeung nulis aksara Sunda ngaliwatan soal anu kudu ditulis dina aksara Sunda sabada perlakuan métodeu iqra dilaksanakeun.

Dumasar ngaran desainna nya éta *one group pre-test and post-test design*, ieu panalungtikan dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sabada ngalaman X (perlakuan). Praténs nya éta O_1 atawa ékspérimén saméméh ngalaman perlakuan jeung O_2 atawa ékspérimén sabada ngalaman perlakuan disebut postés.

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010: 172), sumber data mangrupa subjékna panalungtikan. Ku ayana sumber data, masalah anu baris ditalungtik bisa dipikanyaho.

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang Taun Ajaran 2015/2016 dina pangajaran aksara Sunda anu jumlahna aya 36 siswa.

3.3 Wangenan Operasional

3.3.1 Métodeu iqra

Métodeu iqra dina pangajaran aksara Sunda nya éta métodeu maca anu museurkeun latihan langsung kana maca aksara Sunda tanpa diéja. Métodeu iqra

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilarapkeun kana pangajaran maca aksara Sunda maké buku baca aksara Sunda anu disusun sakumaha dilarapkeun dina Iqro dina diajar maca Al-Qur'an. Dina buku maca aksara Sunda disusun ti mimiti jilid kahiji nepi ka jilid kagenep. Jilid kahiji latihan maca aksara swara katut latihan nulisna, jilid kadua latihan maca aksara ngalagena (dijerona disempalan aksara swara) jeung latihan nulisna, jilid katilu latihan maca aksara wilangan (angka) jeung latihan nulisna, jilid kaopat latihan maca jeung nulis aksara Sunda, jilid kalima uji kompeténsi maca jeung jilid kagenep uji kompeténsi nulis. Harepan nu nalungtik, ngaliwatan métodeu iqra siswa bisa maca jeung nulis aksara Sunda kalawan lancar.

3.3.2 Kamampuh Maca Aksara Sunda

Anu dimaksud kamampuh maca aksara Sunda dina prosés panalungtikan nya éta kamampuh atawa kabisa siswa nalika maca aksara Sunda kalawan lancar. Kriteria lancar maca aksara Sunda ngawengku gancang macana, téks anu ditulis dina wangun aksara Sunda bisa gancang dibacana. Jumlah kecap nu dibacana loba nu bener, lentongna merenah, artikulasi jelas, jeung volumeu sora bedas.

3.3.3 Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Anu dimaksud kamampuh nulis aksara Sunda dina prosés panalungtikan nya éta kamampuh atawa kabisa siswa nulis aksara Sunda kalawan lancar. Kriteria lancar nulis aksara Sunda ngawengku kamampuh siswa dina benerna nulis aksara swara, benerna nulis aksara ngalagena jeung angka, jumlah benerna kecap anu ditulis dina aksara Sunda loba, bener ngalarapkeun rarangkénna, jeung tulisan aksara Sundana geus rapih.

3.3.4 Pangajaran Maca jeung Nulis Aksara Sunda

Maca jeung nulis mangrupa kaparigelan makéna basa anu sipatna reseptif lantaran, ngaliwatan maca jeung nulis, hiji jalma bisa meunang élmu pangaweruh, kaparigelan, sarta pangalaman anyar. Hasil maca jeung nulis, bisa ngaronjatkeun kamampuh mikir siswa jeung bisa ngajembaran pangaweruhna (Langi, 2015: 89).

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda dina ieu panalungtikan nya éta pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda maké métodeu iqra. Siswa ditekenkeun lancar maca heula ngaliwatan latihan maca tanpa ngéja aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén aksara Sunda, jeung aksara wilangan (angka) anu disusun ti nu rupaning kecap anu basajan nepikeun ka nu sampurna dina wangun wacana aksara Sunda.

Dina ieu panalungtikan, anu jadi udagan dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda nya éta kualitas kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang saméméh ngagunakeun métodeu iqra jeung kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda anu ngaronjat sabada ngagunakeun métodeu iqra. Dumasar kana éta hal katitén bédana anu signifikan kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra.

Bisa dicindekeun yén maksud tina judul *Pangaruh Métodeu Iqra dina Pangajaran Maca Aksara Sunda kana Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X AK SMK Pasundan Subang Taun Ajaran 2015/2016)* nya éta pikeun nguji kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda ngagunakeun métodeu iqra dina pangajaran nulis aksara Sunda jeung mikanyaho aya henteuna pangaruh métodeu iqra kana kamampuh nulis aksara Sunda.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nangtukeun pisan ukuran hasil atawa henteuna panalungtikan. Ku kituna, instrumén bisa jadi tolak ukur, naha sumber data bisa nyumponan kritéria atawa henteu, sarta béda signifikan ieu panalungtikan. Instrumén miboga fungsi pikeun ngajawab masalah-masalah anu disodorkeun jeung pikeun nguji hipotésis. Nurutkeun Sugiyono (2014: 102), instrumén panalungtikan nya éta hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial anu ditiénan. Nu dimaksud fénoména di dieu nya éta variabel panalungtikan.

Instrumén téh kawilang penting pikeun ngudag tujuan panalungtikan. Ku kituna, instrumén salaku alat dina ngumpulkeun data, kudu dirancang kalawan sistematis sangkan data anu ditarimana objéktif. Instrumén anu dipaké dina ieu

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan nya éta tés. Nurutkeun Sudijono (2011: 67), tés nya éta alat atawa prosedur nu digunakeun dina raraga ngukur jeung ngajén. Bisa dicindekeun yén tés téh mibanda tujuan pikeun maluruh kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngukur kamampuh maca jeung nulis siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang. Tés dilakukeun dua kali, nya éta tés kamampuh maca aksara Sunda jeung tés kamampuh nulis aksara Sunda sacara individu pikeun mikanyaho kamampuh kognitif siswa. Ieu tés dilaksanakeun dina maca jeung nulis aksara Sunda ngaliwatan métodeu iqra dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda.

a. Tés Kamampuh Maca Aksara Sunda

Soal tés maca anu digunakeun dina tés awal jeung tés ahir kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas X AK dina ieu panalungtikan nya éta tés maca bedas sempalan carita *Aria Wangsa Goparana* anu ditulis dina aksara Sunda saperti ieu di handap.

SOAL MACA AKSARA SUNDA	
Mata Pelajaran	: Basa Sunda
Kelas	: X AK
Sakola	: SMK Pasundan Subang
Kompeténsi Dasar	: 10.3.4 Menganalisis, mengidentifikasi, dan memahami teks AKSARA SUNDA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
<p>□□□ □□ □□□□</p> <p>□□□□□ □□□□□□ □□ □□□ □□ □□□ □□ , □□ □□ □□□□</p> <p> □□□□ □□□□,□ □□□□□□□□ □□□ □□ □□□□ □ □□□</p> <p>□□□□□ □□□□ □□ □□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□□□□ □□</p> <p>□□□. □□□□□□□□□ □□□ □□□□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□</p> <p>□□□□□□□□□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□</p> <p>□□□□□ □□□□□□□□□□□ □□□□□□□□□□□ □□ □□□□□ □□□□□□□</p> <p>□ □□□□□□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□ □□□□□□□□</p> <p>□□□□ □□□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□</p> <p>□□ □□ □□□□□□□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□</p> <p>□□ □□□□□□□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□</p>	

b. Tés Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Lian ti ngukur kamampuh maca aksara Sunda, panalungtik ogé ngukur kamampuh nulis aksara Sunda. Soal tés nulis anu digunakeun dina tés awal jeung tés ahir kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X AK samémeh jeung sabada digunakeunana métodeu iqra dina ieu panalungtikan nya éta tés nyalin wacana anu ditulis dina aksara latén, disalin kana aksara Sunda tina sempalan carita *Aria Wangsa Goparana* anu ditulis dina aksara Sunda saperti ieu di handap.

SOAL TÈS NULIS AKSARA SUNDA

Mata Pelajaran : Basa Sunda
 Kelas : X AK
 Sakola : SMK Pasundan Subang
 Kompetensi Dasar : 10.3.4 Menganalisis, mengidentifikasi, dan memahami teks AKSARA SUNDA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
 Waktu : 25 menit

Radén Déwi Sartika téh hiji pahlawan émansipasi wanita anu dibabarkeunana di Bandung ping 4 Désémber 1884. Ramana, Radén Ranga Somanagara jeneng patih Bandung, ari Ibuna, Radén Ajeng Ratna Pérmas putra istri Bupati Bandung anu kakoncara, nyaéta Dalem Bintang. Ibu Déwi Sartika ku ramana disakolakeun ka Sakola Kelas Hiji sanajan jaman harita mah kaom wanita langka anu sakola. Ieu hal téh nandakeun yén Pa Somanagara kaasup ménak anu maju pikiranana. Hanjakal basa di kelas 2B Ibu Déwi téh kudu eureun sakola. Salian ti éta, dina umur salapan taun Ibu Déwi kudu pisah jeung nu jadi kolotna. Ari sababna, Pa Somanagara kudu ngalaman dihukum buang ke Ternaté lantaran dianggap nanduk ka Pamaréntah Hindia Walanda. Ibu Déwi cicing jeung uana di Cicalengka. Ari tempat cicingna piperenahkeun di tukang ngahiji jeung tukang kuda, tukang kebon, jeung bedéga-badéga séjénna.

Kritéria anu dipaké pikeun meunteun kamampuh siswa dina ieu panalungtikan nya éta kritéria peunteun kamampuh maca aksara Sunda anu leuwih condong kana makéna métodeu iqra jeung peunteun dina kamampuh nulis aksara Sunda sabagé hasil (output) tina kamampuh maca aksara Sunda siswa.

Data tina hasil tést maca dipeunteun dumasar kana ugeran meunteun kamampuh maca anu ngawengku lima aspék (waktu maca, lentong, jumlah kecap, artikulasi, jeung Volumeu sora). Sedengkeun tina hasil tést nulis dipeunteun dumasar kana ugeran meunteun kamampuh nulis anu ngawengku lima aspék (bener henteuna aksara swara, bener henteuna aksara ngalagena jeung angka, bener henteuna nulis rarangkén, jumlah benerna kecap anu ditulisna, sarta rapih henteuna nulis aksara Sunda).

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngalaksanakeun panalungtikan, kudu aya téhnik ngumpulkeun data anu luyu jeung masalah anu rék ditalungtik. Téhnik mangrupa hal wajib dina ngumpulkeun data. Ku kituna, téhnik anu merenah jeung luyu dilarapkeun pikeun ngumpulkeun data kacida mangaruhan kana suksés henteuna panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010: 265), téhnik ngumpulkeun data nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data anu dibutuhkeun.

Luyu jeung kabutuhan data-data anu diperlukeun, téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Nurutkeun Arikunto (2010: 193), tés nya éta runtuyan patalékan-patalékan atawa latihan sarta pakakas lian anu dipaké keur ngukur kaparigelan jeung pangaweruh *intelegensi*. Kamampuh atawa bakat dipimilik ku individu atawa kelompok. Instrumén tés keur ngukur kamampuh hasil diajar maca jeung nulis aksara Sunda.

Instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta tés hasil diajar pikeun mikanyaho hasil diajar siswa dina ngalarapkeun métodeu saméméh jeung sabada *perlakuan* ngaliwatan pratés jeung postés.

Pikeun mikanyaho kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda, ieu panalungtikan ngalaman opat kali tés. Tésna nya éta tés kamampuh awal maca aksara Sunda, tés kamampuh ahir maca aksara Sunda, tés kamampuh awal nulis aksara Sunda, jeung tés kamampuh ahir nulis aksara Sunda.

Tés kamampuh awal maca jeung nulis aksara Sunda, dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca aksara Sunda saméméh dibéré perlakuan. ngaliwatan soal dina wangun sempalan carita *Aria Wangsa Goparana* anu ditulis dina aksara Sunda. Sedengkeun dina tés kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada perlakuan.

Tahapan dina ngumpulkeun data dibagi jadi dua bagéan nya éta tahap tatahar jeung tahap uji instrumén. Tahap tatahar dina ieu panalungtikan di antarana ieu di handap.

- 1) Nyadiakeun média anu ngarojong kana métodeu iqra dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda mangrupa buku *Baca Aksara Sunda* anu disusun ti jilid hiji nepi ka genep.
- 2) Nangtukeun instrumén keur siswa dina tés kamampuh awal jeung tés kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda. Instrumén tés diwengku ku sempalan carita *Aria Wangsa Goparana* anu ditulis dina aksara Sunda pikeun ngukur kamampuh maca aksara Sunda aksara Sunda siswa jeung sempalan wacana *Radén Déwi Sartika* anu ditulis dina aksara latén pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda.
- 3) Nangtukeun aturan-aturan jeung tata cara dina waktu tés kamampuh awal jeung tés kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda.
- 4) Nangtukeun lilana waktu dina tés kamampuh awal jeung tés kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda.

Tahapan dina nguji instrumén kabagi kana dua bagéan nya éta tés kamampuh awal maca jeung nulis aksara Sunda jeung tés kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda.

- 1) Tés kamampuh awal maca jeung nulis aksara Sunda

Tés kamampuh awal mangrupa tés awal dina ngaminitian panalungtikan. Ieu tés dilaksanakeun dina lawungan kahiji keur tés kamampuh awal maca, jeung lawungan kadua keur tés kamampuh awal nulis. Tés kamampuh awal dilaksanakeun di kelas X AK SMK Pasundan Subang kalawan waktu anu geus ditangtukeun nya éta 1 x 10 menit keur tés kamampuh awal maca, jeung 1 x 30 menit keur tés kamampuh awal nulis aksara Sunda. Prak-prakan tés kamampuh awal nya éta ieu di handap.

- a. Dina lawungan kahiji, guru nitah siswa maca bedas sempalan carita *Aria Wangsa Goparana* anu ditulis dina aksara Sunda. Saurang-saurang siswa sacara acak diabsén ka hareupeun guru. Hasil tés mangrupa data keur panalungtikan.
- b. Dina lawungan kadua, guru méré pancén ka siswa sangkan nyalin sempalan wacana *Radén Déwi Sartika* anu ditulis dina aksara latén kana aksara

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda. Dina waktu 1 x 30 menit, réngsé teu réngsé, pancén dikumpulkeun, nu hasilna mangrupa data keur panalungtikan.

2) Tés kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda

Tés kamampuh ahir mangrupa évaluasi ahir dina prosés panalungtikan anu dilaksanakeun di ahir panalungtikan di kelas X AK SMK Pasundan Subang, waktuna 1 x 10 menit pikeun maca, jeung 1 x 20 menit pikeun nulis. Prak-prakan tés kamampuh ahir nya éta ieu di handap.

- a. Guru méré nyaho yén ayeuna bakal diayakeun tés maca jeung nulis aksara Sunda.
- b. Guru nitah maca sempalan carita *Aria Wangsa Goparana* anu ditulis dina aksara Sunda ka siswa. Saurang-saurang siswa sacara acak diabsén ka hareupeun guru. Hasil tés mangrupa data keur panalungtikan.
- c. guru méré pancén ka siswa sangkan nyalin sempalan wacana *Radén Déwi Sartika* anu ditulis dina aksara latén kana aksara Sunda. Dina waktu 1 x 20 menit, réngsé teu réngsé, pancén dikumpulkeun, nu hasilna mangrupa data keur panalungtikan.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah daa mangrupa tata cara atawa alat pikeun meunangkeun jawaban hipotésis. Ari data anu diolah dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada digunakeun métodeu iqra.

Dina enas-enasna hasil data panalungtikan teh diolah pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun prosés pangajaran aksara Sunda maké métodeu iqra;
- 2) napsirkeun kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra;
- 3) napsirkeun kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra;
- 4) napsirkeun pangaruhna métodeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda kana kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus maké métodeu iqra; jeung

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) napsirkeun bédana kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra.

3.6.1 Kamampuh Maca Aksara Sunda

Soal tést maca miboga tujuan pikeun maluruh kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda saméméh jeung sabada perlakuan. Unggal siswa maca wacana anu ditulis dina aksara Sunda. Pikeun meunteun kamampuh awal jeung ahir maca, digunakeun rubrik ngajén dina tabel 3.2 di handap.

Tabel 3.2
Rubrik Ngajén Kamampuh Awal jeung Ahir Maca

No	Aspék anu dipeunteun	Skor	Skala
(1)	(2)	(3)	(4)
	Waktu maca		
	Jumlah kecap bener		
	Lentong		
	Artikulasi		
	Volumeu sora		
Jumlah			

Katerangan:

1) Waktu Maca

Aspék anu dipeunteun dina waktu maca nya éta waktu anu kahontal ku siswa dina maca wacana. Skala peunteunna:

Skala peunteun 5 : 1-3 menit : gancang pisan

Skala peunteun 4 : 4-5 menit : gancang

Skala peunteun 3 : 6-7 menit : rada gancang

Skala peunteun 2 : 8-9 menit : alon

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Skala peunteun 1 : > 10 menit : alon pisan

2) Jumlah benerna kecap

Aspék anu dipeunteun dina jumlah kecap nya éta jumlah benerna maca per kecap anu dibaca ku siswa . Skala peunteunna:

Skala peunteun 5 : 85 – 104 : loba pisan benerna

Skala peunteun 4 : 65 - 84 : loba benerna

Skala peunteun 3 : 45 - 64 : sedeng

Skala peunteun 2 : 25 - 44 : saeutik nu benerna

Skala peunteun 1 : 1 - 24 : saeutik pisan nu benerna

3) Lentong

Aspék anu dipeunteun dina lentong kecap, nya éta merenah henteuna lentong anu dipaké ku siswa dina waktu maca wacana. Hal anu jadi udagan dina ieu kritéria nya éta luhur-handapna sora, wirahma, jeung randegan dina nepikeun carita.

Skala peunteunna:

Skala peunteun 5 : merenah pisan dina makéna lentong nalika maca wacana.

Skala peunteun 4 : lentong anu diucapkeu ku siswa euweuh kasalahan.

Skala peunteun 3 : lentong anu diucapkeun sakapeung kurang merenah.

Skala peunteun 2 : sering ngalaman kasalahan dina makéna lentong nalika ngucapkeunana.

Skala peunteun 1 : loba pisan kasalahan dina makéna lentong.

4) Artikulasi

Artikulasi nya éta kamampuh jéntré jeung henteuna dina ngucapkeun foném,

Skala peunteunna:

Skala peunteun 5 : Artikulasi jelas jeung euweuh kasalahan.

Skala peunteun 4 : Artikulasi anu dilafalkeun méh euweuh kasalahan.

Skala peunteun 3 : Aya kasalahan dina artikulasi tapi teu loba.

Skala peunteun 2 : Sering salah dina artikulasi foném.

Skala peunteun 1 : Loba pisan kasalahan dina artikulasi.

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5) Volumeu Sora

Aspék anu dipeunteun nya éta bedas henteuna sora dina waktu ngucapkeun kecap-kecap dina wacana. Skala peunteunna:

Skala peunteun 5 : Volumeu sora bedas ti mimiti nepi ka ahir tur merenah.

Skala peunteun 4 : Volumeu sora bedas tapi sakapeung aya nu alonan.

Skala peunteun 3 : Volumeu sora anu diucapkeun kurang bedas.

Skala peunteun 2 : Volumeu sora anu diucapkeun laun.

Skala peunteun 1 : Volumeu sora kaleuleuwih (boh bedasna boh launna)

3.6.2 Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Soal tés nulis miboga tujuan pikeun maluruh kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra. Unggal siswa nyalin sempalan carita *Raden Dewi Sartika* anu ditulis dina aksara latén kana aksara Sunda. Pikeun meunteun kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda, digunakeun rubrik ngajén dina tabel 3.3

Tabel 3.3

Rubrik Ngajén Kamampuh Awal jeung Ahir Nulis Aksara Sunda

No	Aspek anu dipeunteun	Skor	Skala
(1)	(2)	(3)	(4)
	Bener henteuna aksara sora		
	Bener henteuna aksara ngalagena jeung angka		
	Bener henteuna rarangken		
	Jumlah benerna kecap		
	Rapih henteuna nulis aksara Sunda		
Jumlah			

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan :

- 1) Aspék anu dipeunteun dina bener henteuna aksara swara nya éta jumlah aksara sora nu bener dina tulisan meunang siswa. Skala peunteunna:
 - Skala peunteun 5 : 25 – 30 aksara swara : luhur pisan
 - Skala peunteun 4 : 19 – 24 aksara swara : luhur
 - Skala peunteun 3 : 13 – 18 aksara swara : sedeng
 - Skala peunteun 2 : 7 – 12 aksara swara : handap
 - Skala peunteun 1 : 1 – 6 aksara swara : handap pisan
- 2) Aspék anu dipeunteun dina bener henteuna aksara ngalagena jeung angka nya éta jumlah aksara ngalagena jeung angka nu bener dina tulisan meunang siswa. Skala peunteunna:
 - Skala peunteun 5 : 269 – 336 aksara ngalagena jeung angka : loba pisan
benerna
 - Skala peunteun 4 : 202 – 268 aksara ngalagena jeung angka : loba benerna
 - Skala peunteun 3 : 135 – 201 aksara ngalagena jeung angka : sedeng
 - Skala peunteun 2 : 68 – 134 aksara ngalagena jeung angka : saeutik
benerna
 - Skala peunteun 1 : 1 – 67 aksara ngalagena jeung angka : saeutik pisan
benerna
- 3) Aspék anu dipeunteun dina bener henteuna rarangkén nya éta jumlah rarangkén nu bener dina tulisan meunang siswa. Skala peunteunna:
 - Skala peunteun 5 : 182 – 227 rarangkén : loba pisan benerna
 - Skala peunteun 4 : 137 – 181 rarangkén : loba benerna
 - Skala peunteun 3 : 92 – 136 rarangkén : sedeng
 - Skala peunteun 2 : 47 - 91 rarangkén : saeutik benerna
 - Skala peunteun 1 : 1 - 46 rarangkén : saeutik pisan benerna
- 4) Aspék anu dipeunteun dina jumlah benerna kecap nya éta jumlah kecap anu bener dina tulisan meunang siswa, skala peunteunna:
 - Skala peunteun 5 : 108 – 134 kecap : loba pisan benerna

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Skala peunteun 4 : 81 – 107 kecap : loba benerna
 Skala peunteun 3 : 55 – 80 kecap : sedeng
 Skala peunteun 2 : 27 – 54 kecap : saeutik benerna
 Skala peunteun 1 : 1 – 26 kecap : saeutik pisan benerna
- 5) Aspék anu dipeunteun dina rapih henteuna nulis aksara Sunda nya éta rapih henteuna tulisan meunang siswa. Skala peunteunna:
- Skala peunteun 5 : rapih pisan
 Skala peunteun 4 : rapih
 Skala peunteun 3 : rada rapih
 Skala peunteun 2 : teu rapih
 Skala peunteun 1 : teu rapih pisan

3.6.3 Pangaruh Métofeu Iqra dina Pangajaran Maca Aksara Sunda kana

Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Pangaruh métofeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda kana kamampuh nulis aksara Sunda ku cara ngabandingkeun hasil tés awal kamampuh maca jeung tés ahir kamampuh maca aksara Sunda jeung tés awal kamampuh nulis jeung tés ahir kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké métofeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda.

3.6.4 Bédana Kamampuh Maca jeung Nulis Aksara Sunda Saméméh jeung Sanggeus Maké Métofeu Iqra

Pikeun nangtukeun jumlah atawa peunteun kamampuh awal jeung ahir aksara Sunda digunakeun aturan saperti anu aya dina tabel 3.2, jeung kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda anu aya dina tabel 3.3. Hasil tés kamampuh awal jeung ahir maca jeung nulis aksara Sunda dipariksa jeung dianalisis nu satuluyna ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun unggal siswa, standar *deviasi* jeung *varians* ti unggal siswa. Pikeun mikanyaho peunteun atahna, digunakeun rumus :

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$p = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

Keterangan :

P = Peunteun

$\sum B$ = Peunteun anu kahontal

$\sum KT$ = Peunteun maksimal

Kategori = Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu maca jeung nulis aksara Sunda. Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap teu mampu maca jeung nulis aksara Sunda.

Tina tés kamampuh awal jeung tés kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra bakal dihasilkeun peunteun kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda siswa anu satuluyna bisa diolah datana kana tabél 3.4.

Tabel 3.4
Skor Kamampuh Awal jeung Ahir Maca Aksara Sunda

NO	DATA SISWA	ASPÉK					Σ	P	%	KATEGORI
		A	B	C	D	E				
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
	JUMLAH									
	RATA-RATA									

Keterangan:

A : Waktu maca

B : Jumlah kecap bener

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- C : Lentong
 D : Artikulasi
 E : Volumeu sora

Tabel 3.5
Skor Kamampuh Awal jeung Ahir Nulis Aksara Sunda

NO	DATA SISWA	ASPÉK					Σ	P	%	KATEGORI
		A	B	C	D	E				
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
	JUMLAH									
	RATA-RATA									

Katerangan:

- A : Bener henteuna nulis aksara swara
 B : Bener henteuna nulis aksara ngalagena jeung angka
 C : Bener henteuna nulis rarangkén
 D : Jumlah benerna kecap
 E : Rapih henteuna nulis aksara Sunda

Siswa dianggap geus mampuh maca aksara Sunda lamun waktu macana gancang, jumlah kecap anu dibacana loba pisan benerna, dina makéna lentong merenah pisan nalika maca wacana, artikulasi jelas jeung euweuh kasalahan, jeung Volumeu sora bedas ti mimiti nepi ka ahir tur merenah.

Siswa dianggap geus mampuh nulis aksara Sunda lamun luhur pisan dina nulis aksara swara, luhur pisan dina nulis aksara ngalagena jeung angka, luhur pisan dina nulis rarangkén, jumlah kecap bener anu ditulisan loba pisan benerna, jeung nulis aksara Sundana rapih pisan.

Pikeun ngukur bédana kamampuh awal jeung kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda dina ieu panalungtikan, diperlukeun uji sipat data nu ngawengku uji normalitas, uji homogénitas, uji gain, jeung uji hipotésis kalawan ngagunakeun aplikasi Minitab versi 16 jeung itungan manual saperti ieu di handap.

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (d) Néangan rata-rata skor digunakeun rumus :

$$\bar{x} = \frac{\sum fx_1}{n} \quad (\text{Riduwan, 2012: 122})$$

- (e) Néangan *standar deviasi* ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum fx_2) - (\sum fx_1)^2}{N(N-1)}} \quad (\text{Riduwan, 2012: 122})$$

- (f) Néangan batas kelas nya éta angka skor kénca kelas interval kahiji dikurangan 0,5 jeung angka skor katuhu kelas interval ditambah 0,5.

- (g) Néangan nilai Z-score pikeu wates kelas interval digunakeun rumus :

$$Z = \frac{\text{BatasKelas} - \bar{x}}{sd} \quad (\text{Riduwan, 2012: 122})$$

- (h) Néangan kelas 0- Z ti Tabel Kurva Normal 0 – Z ku cara ngagunakeun angka-angka pikeun batas kelas.

- (i) Néangan luas unggal kelas interval ku cara ngurangan angka-angka 0 – Z, nya eta angka baris kahiji dikurangan angka baris kadua, jeung saterusna.

- (j) Néangan *frekuensi* nu dipiharep (fe) ku cara ngalikeun kelas interval jeung jumlah siswa (n).

- (k) Néangan Chi Kuadrat ngagunakeun rumus:

$$\chi^2 = \sum \frac{(fo - fe)^2}{fe} \quad (\text{Riduwan, 2012: 124})$$

- (l) Ngabandingkeun χ^2 itung jeung χ^2 tabel

Kategori : χ^2 itung \geq χ^2 tabel, distribusi teu normal

χ^2 itung \leq χ^2 tabel, distribusi normal

2) Uji Homogenitas

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Uji homogenitas tujuanna pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variansi sampel populasi anu sarua (Arikunto, 2010: 318). Pikeun nangtukeun homogén henteuna, panalungtik ngagunakeun uji homogenitas ku cara varians panggedéna dibanding varians pangleutikna. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

(a) Nangtukeun variansi ngagunakeun rumus:

$$S^2 = \frac{n \sum fx^2 - \sum (fx)^2}{n(n-1)}$$

(b) Néangan nilai Fitung tina varians panggedéna jeung varians pangleutikna ngagunakeun rumus :

$$F_{itung} = \frac{\text{varians panggedena}}{\text{varians pangleutikna}}$$

(c) Nangtukeun derajat kabébasan digunakeun rumus: $dk = n-1$

(d) Nangtukeun F_{tabel} Ngagunakeun tarap kapercayaan 99%

(e) Nangtukeun homogén henteun dumasar kana kritéria :

$$F_{itung} \leq F_{tabel} \text{ variansi sampel homogén}$$

$$F_{itung} \geq F_{tabel} \text{ variansi sampel teu homogén}$$

b. Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun ngukur atawa ngabandingkeun rata-rata peunteun kamampuh awal jeung ahir maca jeung nulis aksara Sunda. Dina nangtukeun peunteun gain, baris ngagunakeun tabel dina kaca satuluyna.

c. Uji Hipotésis

Pikeun mikanyaho ayana henteuna pangaruh métodeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda kana kamampuh nulis aksara Sunda anu signifikan tina peunteun kamampuh awal jeung ahir maca jeung nulis aksara Sunda anu geus kakumpul, aya sababaraha léngkah anu kudu dilaksanakeun saperti ieu di handap.

(a) Ngitung rata-rata (mean)

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$M = \frac{\sum d}{n}$$

(b) Ngitung derajat kabébasan (dk) ku ngagunakeun rumus $dk = n-1$

(c) Ngitung jumlah kuadrat deviasi ku cara ngagunakeun rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(d) Ngitung t, ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(e) Nangtukeun t_{tabel}

(f) Uji Hipotésis

Kritéria :

- (H_0) ditarima (H_a) ditolak lamun $\text{itung} \geq t_{\text{tabel}}$
- (H_0) ditolak (H_a) ditarima lamun $\text{itung} \leq t_{\text{tabel}}$

Pikeun mikanyaho ayana parobahan anu signifikan ka siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang saméméh ngagunakeun métodeu iqra jeung sanggeus ngagunakeun métodeu iqra diayakeun uji-t. Uji-t mangrupa statistik anu bisa dipaké pikeun nguji bédana atawa henteuna.

Uji béda dilaksanakeun sabada data diuji normalitas jeung homogénitas variansina. Nangtukeun nilai t tina tabel distribusi maké rumus:

$$t = \frac{M}{\sqrt{\frac{\sum x_1^2}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

- M : Skor rata-rata postés
 $\sum x_1^2$: Jumlah skor postés
 N : Jumlah siswa

(Arikunto, 2010: 352)

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

